*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№28-29 (9575-9576)

2014 соналъул *18 апрель*

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## СВЕРУХЪ РУГЕЗЕ КIУДИЯБ АСАРГУН

Гьаб соналъул апрелалъул10 абилелъ, хамиз къоялъ районалъул библиотекаялъул минаялда цебесеб паркалде ракIарулел рукIана гIисиналги чIахIиялги. Щиб-кинилан гьикъабакъидал, гьеб бакIалдаго дандчIварав районалъул Культураялъул управлениялъул начальник М. ГIумаровги вугоан кодоб цIулал гьитIинаб рахангун. Дун кIалъалелдего, саламги кьун МухIамадица абуна:

-ШагIбан, жакъа нижеца их бачIин кIодо гьабулеб буго нилъерго умумузул гIадаталда рекъон мугьги бан, мавлидги ахIун, бокьила мунги вачIани,-ян.

-КигIанги бокьун вачIина, гьебни лъикIаб тадбир буго нужеца тIобитIулеб. –Гьеб рахханигIаги кибе унеб,-ян гьикъидал, гьаб буго кIудиял хьагазухъе бан буго мугьги, гьелде гьорлъе рехун бугеб оцол басрияб гьанги багьабашаризе бачIунеб,-ян абуна гьес велъилаго…

Гьедин, цадахъ тIаде рахана ниж. КIудияб хIадурлъи бугоан гьениб. Бицун асар гьабулеблъун букIана халатал столазда берцин гIуцIун ругел, кверал хъварал рищцатал, цIикIкIун заман бахъиялъ жилдазда чIегIераб кьер чIварал, Къуръанал. Гьезул интерес гьабулел ругоан районалъул администрациялъул бетIер Л-ХI. БалдугIьовги, гьесулго тIоцевесев заместитель А. МухIамадовги ва цогидал гIахьалчагIиги.

Болъихъ росдал кIудияб мажгидалъул гьел Къуръанал берцинго къачIаялъе хIалтIи гьабун буго М. ИзмагIиловас.

КватIичIого тIаде щвана Болъихъ росдал дибир ГIумар ГIазаевги. Паркалда лъун ругел гургинал столазде мугь ва нисумичIалъул цIурал панкьал кванaзе ахIулел рукIана гьеб тадбиралъул бетIергьабазул цояв, централияб библиотекаялъул заведующий М. ИзмагIиловас. Кванан тIаде рахъунез гьари-дугIа гьабулаан их битIараб, баракатаб, тIабигIиял балагьаздасан цIунараб батагиян. Гьединаб гьари-дугIа, батIаго халат бахъараб гьабуна райадминистрациялъул диниял ишазул отделалъул нухмалъулев, исламияв гIалимчи ГIумарасхIабхIажицаги.

КIинусиялда хадур соназда цере къватIире риччарал анцIила хадур Къуръанал гIуцIун ругел столалда нахъа гIодовги чIун Болъихъ росдал дибир ГIумар вугоан Къуръаназда аскIор рахъун чIун ругел щагIил гIисинал хъубузде тIадеги къулун дугIа-алхIам гьабулев…

-Хадув кIалъазе вахъарав, районалъул телеведущий, экологиялъул районазда гьоркьосеб комитеталъул председатель А. МухIамадовас киназдаго баркана рохалилаб тадбир. Бицана гьелъул мурадалъул ва гьеб унеблъи «2014 сон-Культураялъул сонлъун» рагIинабун букIиналда хурхун тIоритIизе рихьизарун ругел



тадбиразде гьорлъе. Гьебги цогидалги тадбирал ралагьарал руго нилъер культураги, гьудуллъиги , рухIиябгун нравственнияб рахьги патриотизмги цебетIезабиялдеги цIилъизабиялдеги абуна гьес мавлидалъул байбихьи рагIинабулаго.

Гьес кIалъазе рагIи кьурав МухIамад ИзмагIиловас чамго баркиялъулаб рагIиги абун кIалъазе виччарав Болъихъ росдал дибирас киназдаго баркана их тIаде щвейги ва гьеб кIодо гьабун тIобитIулеб бугеб мавлидги.

-Гьадинал тадбираз кIудияб квербакъи гьабула ТIадегIанав Аллагь нилъедасан разилъиялъеги хирияв авараг (с.т.гI.в.) МухIаммад разилъиялъеги.

Биччанте гьез квербакъи гьабизе нилъ, хасго гIун рачIунел гIелал кантIиялъеги, гьезул иман щулалъиялъеги, как-диналде рокьи бижиналъеги. Гьединго жакъа кIудияб кIвaралъулаблъун ккола нилъ киназулго щулияб гьудуллъиги цадахъ рекъон иш гьабиги. Гьелдеги, гIун рачIунел гIелазе рухIиябгун нравственнияб ва патриотикияб тарбия кьеялдеги, гьезулъ рацIцIалъи куцаялдеги ралагьизаризе ккола гьадинал ва культураялъул учреждениязги цогидазги тIоритIулел тадбирал. Нилъер улкаялъе тIолалго пачалихъал дандчIун ругеб, нилъер тIолабго халкъалъе захIмалъаби рижинаризе гьел къеркьолеб гьаб заманалда рикьарулел рукIинчIого, нилъер гъункиги, гьудуллъиги щивас жинда-жинда тIадаб иш ракIбацIцIадго гьабиги ккола кIвар бугеб шартIлъун,-ян абуна гьес. Хадуб гьес гьари-дугIа гьабуна ва киназго цере хъаталги ккун Амин абуна…

КIалъазе вахъарав, М. ИзмагIиловас бицана росдал дибирас тIадеги къулун дугIа-алхIам гьабурал щагIил гIиссинал хъубузда жаниб букIанин росдал гIадамаз исана бахъинабураб рахьил лъим ва гьеб лъел цIураб цо-цо щагIил хьаба къезе бугин унтарал гIадамазе гьел сахлъиялъе квербакъиялъе.

КIалъазе вахъарав Болъихъ росдал жамгIияв хIаракатчи Муртуз Зиккулаевасги бицана гьединал мавлидаз, умумузул гIадатал ракIалде щвезариялъулал данделъабаз гIадамазда гьоркьоб вацIлъи ва гьудуллъи щула гьабулин. Гьес киналго гIахьалчагIазе гьарана сахлъи ва рохалилаб гIумру.

Цо-цо цогидалги кIалъан хадуб байбихьана мавлид ахIизе.

Берцинаб, сверухълъиго хIайран гьабуледухъ гьеб мавлид ахIулеб букIана Болъихъ росулъ гьеб рахьалъ машгьурал руччабаз.

Гьеб лъугIиндал кIудияб гьари-дугIа гьабуна гьел руччабазул цехьан шодродисей Аминатица.



Хадуб букIана Къуръан цIалиялъул рахьалъ лъималазда гьоркьоб конкурс.

Аллагьас нилъер мурад тIубаледухъ къабул гьабейги гьеб!

Дирго пикру ккана гьадинаб. Гьел руччаби гьечIони щибдай гьабилеб абун. Гьелъ цогиги пикру бижинабуна. Культураялъул учреждениязе лъикI букIинин гьединал гьунар бугез хадусел гIелал куцаялъе хIалтIи гьабуниян.

*Ш. ГIАЛИЕВ.*

## МАСЪАЛАБИ ЦЕРЕ ЛЪУНА

Дагъал церегIан къоязда районалъул бетIер М. ПатхIулаевас Бабаюрталда тIобитIана районалъул росдал магIишаталъул управлениялъулги ветуправлениялъулги нухмалъулезулгун специалистазул ва росабазул СПКязул (колхозазул) нухмалъулезулгун специалистазулги цадахъаб данделъи.

Гьелда цеве районалъул бетIер ва райадминистрациялъул бетIерасул росдал магIишаталъул рахьалъ заместитель Ж. Завурбеговги щвана районалъул росабазул гIемерисел магIишатазде. Хал гьабуна магIишатазда бугеб ахIвал-хIалалъул, камурабкватIаралъул, гIи-боцIуда хасел тIамизабиялъул хIасилазулгун ва ихдалил хIалтIабазде бугеб хIадурлъиялъул, гьутабазда гIумру гьабулел ругезул рукIарахьиналъул.

Гьеб кинабгоялъул хIакъалъулъ гIатIидаб хабар ккана данделъиялда. Бугеб хIалалъул, гьаризе ккoлел хIалтIабазул бицун кIалъай гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Ж. Завурбеговас.

Гьединго кIалъазе цере рахъана росдал магIишатазул управлениялъул нухмалъулев А. Албегов ва цо-цо СПКязул нухмалъулел.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго районалъул бетIер М. ПатхIулаевас киназдаго цере лъуна гIибоцIухъанлъи цебетIезабиялда, гьеб цIикIкIинабиялда гьелъие гьабулеб хъулухъ лъикIлъизабиялдалъун гьезул продукция цIикIкIинабиялда, рекъулел ракьазул къадар цIикIкIинабиялдалъун ва агротехникиял хIалтIабазул качество борхизабиялдалъун тIощалил бачIин ва гIаммаб къадар цIикIкIинабиялда хурхарал масъалаби.

СПКязул нухмалъулезул пикру буссинабуна гIибоцIухъабазегун хурухъабазе ва механизаторазе ругел захIматалъулалгун рукIарахьиналъулал шартIал лъикIлъизариялде.

***Ж. АХIМАДУДИНОВА,***
***пресс-секретарь.***

## Заседание тIобитIана

16 апрелалъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана, районалъул актив гIахьаллъараб, терроризмаялдегун экстремизмалде данде къеркьеялъулаб комиссиялъул заседание.

Гьелъул хIакъалъулъ гIатIидаб материал нижеца къезе буго газеталъул хадусеб номералда.

# ЭБЕЛАЛЪУЛАБ КАПИТАЛ БИЧИЗЕ ГЬУКЪАРАБ БУГО



*Ахирал соназ «ЦIад бан хадуб, гIурдахIанал гIадин» гIемерлъун руго шагьаразулгун районазул къватIахъ чIварал «учузаб ва хехаб къагIидаялъ эбелалъулаб капитал щвезе кумек гьабизе бокьараз гьаб номералде ахIе»,-ян хъварал игIланал. Цо-цо бица-бицаралда божулел улбул гьезухъе унелги руго. «Кумекги» гьелъул гIаксалда, сертификатазул бетIергьабазе гуреб, жидерго чанта биццалъиялъе гьабулеб буго. ГIемерисел улбузда лъалеб гьечIо эбелалъулаб капитал бичаралги босаралги законалда цере кIиялго такъсирчагIилъун кколеллъи.*

*Законги хвезабичIого, улбузе битIараб къагIидаялъ эбелалъулаб капиталалдаса пайда босизе кире ине кколел ва щиб гьабизе кколеб лъазелъун дун дандчIвана пенсионнияб фондалъул клиентазе хъулухъ гьабулеб отделалъул нухмалъулей Заира Хайрулаевагун.*

***-ТIоцебесеб иргаялда, Заира, лъазе бокьун буго кинал хиса-басиял ккун ругел эбелалъул капиталалда хурхун?***

-Гьаб соналъул 1 январалдаса нахъе эбелалъулаб (хъизаналъул) капиталалъул къадар бахун буго 429 408,5 гъурущалде. Сертификатазул бетIергьабаз нагагьлъун гьеб гIарцул цо бутIа хIалтIизабун букIун батани, хутIараб гIарцул къадар цIикIкIине буго инфляция цIикIкIин хIисабалдеги босун.

***-Лъие кьолеб эбелалъулаб (хъизаналъул) капитал щвеялъе сертификат?***

-Гьеб кьола Россиялъул гражданство бугей 2007 абилеб соналдаса байбихьун 2016 абилеб соналде щвезегIан, кIиабилеб, лъабабилеб ва хадусеб лъимер гьабурай яги лъималазул рокъоса бачарай эбелалъе цо нухалъ. Гьединго гьеб кьола Россиялъул гражданство бугев инсуе, нагагьлъун гьев кколев вугони лъималазул рокъоса бачараб кIиабилеб, лъабабилеб ва хадусеб лъималъул цохIо хутIарав вакиллъун (усыновитель).

Нагагьлъун эбелалъулаб капитал щвеялдаса эбел махIрум гьаюн йигони, гьеб кьола инсуе Россиялъул Федерациялъул гражданин вукIин яги гьечIеблъи хIисабалдеги босичIого. Нагагьлъун эбелги эменги кIиялго махIрум гьарун ругони, эбелалъулаб (хъизаналъул) капитал щвеялдаса, гьеб кьола балугълъиялде бахинчIеб лъимералъе. Школалда цIалулеб лъимералъе кьола очныяб формаялъул къагIидаялда, лъимералъул 23 сон тIубазегIан.

***-Кинал документал хIажалъулел эбелалъулаб капитал щвезе ккани?***



-Эбелалъулаб (хъизаналъул) капиталалъул сертификат щвезе кканани, тIоцебесеб иргаялда хъвазе ккола гIарза пенсионнияб фондалде. Сертификат щвезе гIарза кьезе бегьула кIиабилеб лъимер гьабун яги лъималазул рокъоса бачун хадуб гьоркьоб заман инчIогоги, бегьула хъизаналъе данде кколеб бокьараб заманалъги. ГIарзаялда цадахъ кьезе ккола цогидал документалги:

-РФялъул гражданлъиялъул паспорт;

-Страховияб свидетельство (СНИЛС);

-киналго лъималазул гьариялъул хIакъалъулъ свидетельстваби (свидетельство о рождении);

-лъималазул рокъоса рачарал ругони, (свидетельство об усыновлении);

Нагагьлъун росасе ун хадуб, эбелалъул фамилия хисун бугони, ЗАГСалъул кагъат.

***-Сертификаталдаса кинаб къагIидаялъ пайда босизе бегьулеб?***

-Сертификат хIалтIизабизе бегьула лъабго къагIидаялъ.

**ТIоцебесеб**-Эбелалъул пенсиялъул нахърателалде буссинабизе.

**КIиабилеб**-Лъимералъе лъай кьеялъе.

**Лъабабилеб**-Мина-карталъул суал лъикIлъизабиялъе.

Мина босиялъе хIалтIизабулеб бугони, къваригIуна гъоркьехун рехсарал документал:

Зеленка (лъихъан мина босулеб бугеб, гьев чиясулгун бича-хисиялъул, босиялъул къотIи-къай). Гьелда хъван букIине ккола минаялъул багьа кигIанасеб бугеб. Цогиги гьелда тIад мухIкан гьабун хъван букIине ккола мина эбелалъул капиталги гъоркь ккун босулеб букIин ва кигIанасеб гIарцул къадар мина бичарасул банкалъул счеталде рехизе кколеб.

Гьединго къваригIуна сертификат ва паспорталъул копия. Гьел киналго документал хIадурун хадуб, хъвазе бегьула гIарза.

***-Нагагьлъун мина босизе яги цIияб базе къарзалъе босараб гIарац бецIизе кколеб бугони, лъимералъул лъабго сон тIубачIого, эбелалъулаб капиталалдаса пайда босизе рес бугищ?***

-Буго. Мина босизе яги цIияб базе къарзалъе босараб гIарац бецIизелъун бегьула бокьараб заманалда пайда босизе эбелалъулаб капиталалдаса,



лъимер гьабураб заманаялъухъ балагьичIого.

***-Сертификат билун бугони цIияб босизе бегьулищ?***

-Нагагьлъун сертификат билун бугони пенсионнияб фондалдаса кьола гьелъул дубликат.

***-Цо-цо камулел гьечIо сертификат бичулел улбулги. Гьелде щиб абулеб?***

-Законалъ кинабгIаги ихтияр кьун гьечIо сертификат бичизе. Нагагьлъун гьединаб хIужжа тIатани, гьей гIадан махIрум гьаюла эбелалъулаб капиталалдаса.

***-Лъимералъе лъай кьеялъе хIалтIизабулеб бугони капитал, кинал документал хIадуризе кколел?***

-Эбелалъул капитал хIалтIизабулеб бугони лъимер гIарац кьун (на платной основе) лъай кьеялъулаб учреждениялда цIализе лъезе, гьелъие букIине ккола эбелалъул капитал, лъимералъе лъай кьеялъе хIалтIизабизе рази рукIиналъе хъвараб гIарза ва договор.

-Лъай кьеялъул учреждениялъул букIине ккола лицензияги.

***-Чан абилеб соналде щвезегIан бихьизабун бугеб кIиабилеб лъимер гьабурай яги лъималазул рокъоса лъимер бачарай эбелалъе сертификат кьезе?***

-Сертификат кьезе бихьизабун буго 2016 соналъул 31 декабралде щвезегIан кIиабилеб, лъабабилеб ва хадусеб лъимер гьабурай яги лъималазул рокъоса бачарай эбелалъе.

***-Прописка росулъ бугони, нилъее бокьараб бакIалда босизе бегьулищ мина?***

-Бокьараб бакIалда босизе ихтияр буго мина. Гьединго бегьула эбелалъул капиталалъухъ мина жидецаго базеги. Гьелъие къваригIуна мина баялъе ихтияр ва ракьалъул зеленка. Гьединаб къагIидаялъ балеб минаялъе тIоцебесеб нухалъ кьезе ккола капиталалъул 50 процент, хадуб анкьго моцIидасан, гьабураб хIалтIи бихьун, кьола хутIарабги.

**Заира, баркала, улбузе гIатIидаб баян кьеялъухъ.**

***З. ГIУМАРОВА.***

## Лъай ва тарбия кьеялъе-тIадегIанаб качество

# УЧИТЕЛЬ ЛЪАЯЛЪУЛ МАТIУЛЪУН ВУКIИНЕ ККАНИ...

Учителасул гъединаб къадру-къимат букIана гьеб цIар баккаралдаса нахъего. Амма гьелъие мустахIикълъизе ккола-ан гьесул гъваридаб лъаялдалъунги, педагогикияб махщелалдалъунги ва рухIиябгун нравственнияб бечелъиялдалъунги. КIудияб Октябралъул рахIмат, щвезегIан Дагъистаналда букIана гIемерисеб исламияб гIелму. Рес бугел эбел-инсуца гьелде цIализарулаан жидерго лъимал. Гьезие кире унги ралагьулел рукIана бажари бугел ва намус бацIцIадал мугIалимал-гIалимал.

Октябралда хадуб гIемер соналго инчIого, 1920 абилел соназда Дагъистаналъул росабалъ, гьездаго цадахъ нилъер росабалъги рагьана светскияб цIалиялъул байбихьулал, хадур-7 классалъулал школал. КIикьоялда анцIабилел соназдаги ГIанди округалда цо Болъихъ гурони букIинчIо гьоркьохъеб школа. Гьенир цIалулел рукIана ЦIумада, ГIахьвахъ районазул гIолилалги. Аслияб кьагIидаялда учительзабиги гьенир рукIана къватIисан рачIарал, ай кIудияб гIурус миллаталъул вакилзаби. Хадуб цогидал росабалъги гьоркьохъел школал рагьидал, гьенир хIалтIизеги рачIана Россиялъул батIи-батIиял шагьаразда тIадегIанаб педагогикияб лъай щварал гIолохъанал учительзаби. Гьел рачIиналъеги гIилла букIана Дагъистаналда лъавукълъи тIагIинабиялъе гIоло партиялъул бихьизабиялда рекъон Комсомолалъул ЦКялъул путевкабигун ритIи. Даимаб рецц ва хIурмат гьезие! Лъай кьей гуребги гьез жидерго мустахIикъаб бутIа лъуна нилъер гIун бачIунеб гIелалъе нравственнияб тарбия кьеялъулъги, гьезул дунялалдехун берал рагьиялъулъги.

Гьеб кинабгоялдалъун гьел мустахIикълъана районалъулги ва Дагъистаналъулгоги гIадамазул кIудияб рокьиялъе ва адаб-хIурматалъе. Гьел рукIана унго-унгоги **лъаялъулги тарбиялъулги матIулъун.**

Гьеле, гьединаздасан эстафета щварал анцI-анцI, нус-нус районалъул гIолилалги рахъана тIадегIанаб лъаялъул педагогаллъун. Лъабкъоабилел ва лъабкъоялда анцIабилел соназда гьез мустахIикъаб бутIа лъуна районалда халкъияб лъай кьеялъул система цебетIезабиялъулъ гуребги, районалъул халкъияб магIишаталъе кадрабазулаб кьучI лъеялъулъги. Гьединаб хIаракатчилъиялъе гIоло анцI-анцI учитель мустахIикълъана улкаялъул тIадегIанал шапакъатазеги ва хIурматиял цIаразеги. Жакъа гьанир гьезул цIарал рахъизе бокьаниги тIубараб газеталда бакI гIезе гьечIо.

Гьанжеги районалъул гIун рачIунел гIелазе лъайги нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялдаги ракIбацIцIадго ва сундего рачIинчIого хIалтIулел руго районалъул гIемерисел учительзаби. Гьеб мурадалде балагьизабун буго РУОялъги жиндирго хIаракатчилъиялъул аслияб бегIерлъи, гьелде хасаб кIвар кьолеб буго районалъул нухмалъиялъги. Масала, районалъул бетIер М. ПатхIулаевасул бищун рахIат бикъулеб жолъун ва хасаб кIвар кьолеб суаллъун лъугьун буго гIун рачIунел гIелазе гьанжесеб тIалабалда рекъараб лъайги тарбияги кьей. Гьеб гIадада гуро. Лъайги тарбияги бугеб кадрабазда бараб буго районалъул ва улкаялъулго къисмат.

Районалъул гIемерисел педагогаз жидерго ракIбацIцIадаб ва щвалде щвараб педагогикияб лъай-махщалилаб захIматалдалъун жидедехунго бижинабулеб буго цIалдохъабазулги, гьезул эбел-инсулги ва общественностальулги божилъиги ва хIурматги. Гьез барахщичIого кьолеб буго цIалдохъабазе лъайги, жидерго киналго рухIиялгун нравственниял качествабиги рокьи-хинлъиги…

Гьединал педагогаллъун рахъиналъе кьучI лъола школалдагоги, педагогическиял вузазде лъугьине хIадурулагоги ва гьениб педагогикияб махщел босулагоги. Амма киназего гуроха гьеб кьучI щолеб бугеб. Гьелъие тIоцебесеб гIиллалъунги ккола школазул цо-цо выпускникал педагогикиял вузазде унел рукIин, учителасулаб махщалиде киназ бугониги рокьиги къасдги гьечIого, гьез гьеб тIаса бищулеб букIин гIицIго бигьаяб бугилан бещдаб пикруялдалъун. Гьелде тIадеги бугеб цойги гIиллалъун ккола гьедин цIализе аразул гIемерисел заочнияб къагIидаялде лъугьунел рукIин. Педагогикияб цIалул жавабчилъиги захIмалъиги бичIчIун заочно цIалулезде, узухъда, абизе жо гьечIо. Амма гьеб бичIчIунарел ва бичIчIине бокьуларезул цIали лъугIинабула эбел-инсул гIарцаздалъун. Гьелъул хIасил бичIчIине захIматаб жо гьечIо. Щуго килищ гIадин гьеб хIасил бичIчIунеб бугониги, цIалул гьединаб къагIида цIакъго бокьулеб буго вузазул цо-цо рацIцIалъи гьечIел преподавателазеги.

Гьединан рахъарал «педагогазул» букIунеб гьечIо учителасул гIадаб захIматаб ва жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи тIубазабиялъе хIажалъулел педагогикаялъул профессионалиял качествабиги бажариги. Гьединго загьирлъула, гьезие дагьа-макъабгIаги щун гьечIолъи педагогикаялъул теориялъулабгун психологическияб хIадурлъи. Гьеб заманалда **кин вукIинев гьединав учитель лъаялъулги тарбиялъулги матIулъун?!** Кин гьес цIалдохъаби хIадурулел ЕГЭялде?!

Гьеле, гьединаб заманалда цIикIкIуна гьединал гIолохъаналцIиял педагогазда сверухъ школазул нухмалъулезги бечедаб лъайги хIалбихьиги бугел учительзабазги гьабизе ккoлеб хIалтIи. Гьеб хIалтIуе къваригIуна тIубараб махщелги, лъикIлъи бокьиялъулаб къагIидаги, гьезул къадру-къиматалда хьинтIулареб хIалги. Кинабго букIине ккола школалда лъугьун ва билъанхъизабулеб бугеб гIадлу-низамалда рекъон. Гьеб букIине кколаро гIицIго школалда хIалтIул къо гIуцIиялъул тIалабазда къокълъулеблъун. Гьенибе ине ккола щивав учителасул творческияб гIейги, щибаб дарс гъваридаб, творческияб ва магIнаялъулги къагIидаялъулги рахъалъ эмоционалияблъунги букIинаби. Гьеб гIадлу-низамалъулъ хасаб бакI ккезе лъикI буго жидерго лъай ва махщел борхизабиялдеги ва церетIурал педагогазул хIалбихьи лъазабиялдеги кьолеб кIвараль.

Педагогазул чIахIияб гIелалда лъикI лъалеб батила, халкъалъе бихьизе кьун букIараб талихIаб ва гIадлияб советияб гIуцIиялъул заманалда школазул профориентациялъулаб хIалтIуде кьолеб букIараб кIвар. Школалда рукIадго цIалдохъабазда лъалаан киналго махщелазул хIакъалъуль баянал. Гьеб рахъалъ чIахIиял классазул цIалдохъабазда цере рахьине зама-заманалдаса рачIунаан республикаялъул вузазул, батIаго педвузазул преподавателал. ХIатта, школаль выпускниказе кьолел характеристикабазуль бихьизабулаан лъие кинаб вузалде ине лъикI бугеб.

Жакъаги нилъер школазда гьеб профориентациялде кIвар кьолеб гьечIин абулеб заман гуро дир. ЛъикI букIинаан гьелде тIадеги батIаго педагогаллъун рахьине бокьаразе, кумекалъулал кружокал гIуцIизе …

Цо нухаль «Гъудуллъиялъул» редакциялде вачIарав, Кьохъ гьоркьохъеб школалда 60-ялде гIагарун соназ историялъул, хадуб рахьдал мацIалъул учительлъун хIалтIулев вугев лъайги махщелги камилав педагог Къурбанов ГIисаца абуна: **учитель вукIине ккола гъваридаб лъайгун ва махщелгун цадахъ сабруги, гIакъиллъиги, рухIиялгун нравственниял бечелъабиги ва тIадегIанаб гIаданлъиги чорхоль бессарав чилъун.** **Гьесие цIалдохъаби рокьизе ккола жиндирго лъимал гIадин. РетIа-къаялдаса байбихьун хьвада-чIвадиялде ва дарсал кьеялде щвезегIан, учитель цIалдохъабазе вукIине ккола мисалиявлъун.** Киналго цIалдохъабазде балагьизе ккола цого къагIидаялда. Дирго гIемерсоназулеб хIалбихьиялдасан бихьулеб буго тIоцересел классазул учитель вукIине кколеблъи лъайги махщелги камилав ва педагогикияб хIалбихьиги бугев. Хасго байбихьулал классазул лъимал кинго бегьуларо жо лъалездеги лъаларездагиян кIийиде рикьизе. Рикьани гьез байбихьула лъаларелин абулел хIакъир гьаризе. Гьел лъималазул чорхоль бессула жал цIализе бажаруларел ругин абураб пикру. Гьель квешаб хIасилалдеги рачуна. Гьединаб къагIидаялъул гIаксалда, дагьалго загIипал лъималаздехун, гьезда бичIчIунаредухъ, лъикIаб рецц-бакъалъулаб гьоркьоблъи гьабизе лъикI буго. Унго-унгояб щулияб бухьен букIине ккола киналго цIалдохъабазул эбел-инсулгун, гьезие гьабизе ккола жидерго лъималазе тарбия кьеялъул рахъалъ малъа-хъваял.

Гьединго лъикI букIуна киналго классазулал лъималазе 3-4 мисалалдалъун ракIалде щвезабуни умумузул культураги, гIадаталги,нравственниябгун адаб-хIурматалъулаб рахъги, цоцае кумек гьабулеб букIинги, гIагараб ракьалде гьезул букIараб рокьиги ва цогидал бахIарчиял ишалги.

Учителасул букIине ккола щивав цIалдохъанасул къисматалъе гIоло гьесдаги, пачалихъалдаги ва жиндирго намусалдаги цебе жавабчилъи.

Педагог вукIине ккола росуль лъикIабщинаб цебе бачуневги нилъер гIумруялъе заралиялде рагIи абулевги, цого школалда гуревги, росдал гIадамазда гьоркьовги рухIиябгун нравственнияб рахъалъ мисалиявлъунги, тIадегIанаб бичIчIи бугевлъунги.

Школалъул педколлективаль ва щивав учителас кидагосеб гьоркьоблъи букIинабизе ккола школа лъугIун къватIире арал гIолохъабазулгун, хасго росуль ругезулгун. Бихьизе ккола гьезул лъикIал, узухъда, жидерго хьизамазеги обществоялъеги зарлиял рахъалги. Гьенир насихIатчагIилъун рукIинги ккола учительзабазул хIурматияб налъилъун.

**Гьеле, гьеб мехалда щивав учитель вукIине вуго лъаялъулгун тарбиялъул матIулъун.**

*Ш. ЛАБАЗАНОВ.*

# Вопросы по установлению юридических фактов связанных с признанием членами семьи или иждивенцами родственников и других лиц сотрудников органов внутренних дел Российской Федерации

В системе МВД по Республике Дагестан одной из актуальных социальных проблем является обеспечение жильем сотрудников органов внутренних дел, пенсионеров и членов их семей.

Не редки случаи обращения в суды пенсионеров и сотрудников МВД по Республике Дагестан с заявлениями об установлении юридических фактов связанных с признанием членами семьи или иждивенцами родственников и других лиц, для последующего предоставления указанных решений при рассмотрении вопросов улучшения жилищных условий.

Предъявления исков о признании членами семьи к МВД по Республике Дагестан связано с непониманием отдельными сотрудниками органов внутренних дел требований нормативных актов, регламентирующих вопросы реализации жилищной проблемы.

В заявлениях о признании членами семьи зачастую указываются лица, имеющие свой состав семьи, также имеют место обращения в суд об установлении юридического факта совместного проживания с предоставлением в суд договора коммерческого найма, по которому наниматель и проживающие с ним лица зарегистрированы в разных местах.

Пасынок или падчерица могут рассматриваться в качестве членов семьи сотрудника только в случае официального признания их состоящими у него на иждивении.

Следует отметить, что даже официально подтвержденный факт иждивения пасынков и падчериц не влечет за собой автоматического распространения на них социальных гарантий, предусмотренных для его родных или усыновленных детей.

В соответствии с частью I ст. 4 Федерального Закона от 19.07.2011 г. №247-ФЗ «О социальных гарантиях сотрудникам органов внутренних дел РФ и внесении изменений в отдельные законодательные акты РФ» сотрудник, имеющий стаж службы в органах внутренних дел не менее 10 лет в календарном исчислении, имеет право на единовременную социальную выплату один раз за весь период службы в органах внутренних дел.

Согласно части 4 ст. 4 вышеназванного ФЗ единовременная социальная выплата предоставляется сотруднику с учетом совместно проживающих с ним членов его семьи.

В силу ч. 5 ст. 4 Закона порядок и условия предоставления единовременной социальной выплаты определяются Правительством Российской Федерации.

Из приведенного положения в системной взаимосвязи с пунктом 3 части 2 ст. 1 Федерального Закона, раскрывающим понятие «член семьи сотрудника», следует, что лица, признанные в установленном порядке иждивенцами сотрудника ОВД, могут быть признаны членами его семьи, и на них могут быть распространены соответствующие социальные гарантии, предусмотренные, в том числе данным законом.

При этом содержащееся в действующем законодательстве понятие «иждивенец» само по себе не тождественно понятию «член семьи» и предоставление иждивенцу тех или иных прав и социальных гарантий может быть, и не связано с совместным проживанием с лицом, предоставляющим содержание. В то же время, для учета иждивенца в целях получения социальной выплаты для приобретения жилого помещения, либо получения жилого помещения в натуре, вселение иждивенца и совместное проживание (ведение совместного хозяйства) является обязательным.

В соответствии с п. 9 Правил предоставления единовременной социальной выплаты для приобретения или строительства жилого помещения сотрудникам органов внутренних дел РФ, утвержденный Постановлением Правительства РФ от 30.12.2011 №1223 «О предоставлении единовременной социальной выплаты для приобретения или строительства жилого помещения сотрудникам органов внутренних дел РФ» сотрудник, который с намерением принятия на учет для получения единовременной выплаты совершил действия, повлекшие ухудшение жилищных условий, принимается на учет для получения единовременной социальной выплаты не ранее чем через 5 лет со дня совершения указанных намеренных действий. К намеренным действиям, повлекшим ухудшение жилищных условий, в частности относится: вселение в жилое помещение иных лиц (за исключением вселения супруги (супруга), несовершеннолетних детей и временных жильцов).

Указанные положения Правил в равной степени относятся и к случаям вселения в жилое помещение иных лиц, в результате которого полагающаяся лицу социальная выплата должна быть произведена в размере, значительно превышающем рассчитанный компетентным органом без учета данного лица.

Также необходимо отметить, что все решения об установлении юридического факта признания членами семьи отделом МВД РФ по Ботлихскому району обжалуются в установленном порядке.

***Юрисконсульт Отдела МВД РФ по Ботлихскому району Исаев Г.М.***

# Предоставление государственных услуг населению подразделениями системы МВД РФ

Уважаемые граждане!

В соответствии с планом мероприятий проводимой административной реформы государственных органов РФ, с 1 июля 2012 года все государственные услуги доступны в электронной форме. Основной площадкой для предоставления данной услуги является единый портал оказания государственных услуг www.gosuslugi.ru .

На портале можно получить следующие государственные услуги в электронном виде по линии органов внутренних дел:

- предоставление сведений об административных правонарушениях в области дорожного движения;
- регистрация автомототранспортных средств и прицепов к ним
- приём квалификационных экзаменов на получение права на управление автомототранспортными средствами, трамваями, троллейбусами, выдача водительских удостоверений и временных разрешений
- прием, регистрация и разрешение в территориальных органах Министерства внутренних дел Российской Федерации заявлений, сообщений и иной информации о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях
- выдача архивных справок
- выдача гражданину Российской Федерации лицензии на коллекционирование и (или) экспонирование оружия, основных частей огнестрельного оружия, патронов к оружию
- выдача гражданину Российской Федерации лицензии на приобретение газовых пистолетов, револьверов, сигнального оружия, холодного клинкового оружия, предназначенного для ношения с национальными костюмами народов Российской Федерации или казачьей формой
- выдача гражданину Российской Федерации лицензии на приобретение огнестрельного оружия ограниченного поражения и патронов к нему
- выдача гражданину Российской Федерации лицензии на приобретение охотничьего или спортивного огнестрельного оружия с нарезным стволом и патронов к нему
- выдача гражданину Российской Федерации лицензии на приобретение спортивного или охотничьего огнестрельного гладкоствольного длинноствольного оружия, охотничьего пневматического оружия и спортивного пневматического оружия с дульной энергией свыше 7,5 Дж и патронов к нему
- выдача гражданину Российской Федерации разрешения на ввоз в Российскую Федерацию или вывоз из Российской Федерации гражданского или наградного оружия и патронов к нему
- выдача гражданину Российской Федерации разрешения на хранение и ношение наградного оружия и патронов к нему
- выдача гражданину Российской Федерации разрешения на хранение и ношение охотничьего огнестрельного длинноствольного оружия, спортивного огнестрельного длинноствольного гладкоствольного оружия, охотничьего пневматического оружия или огнестрельного оружия ограниченного поражения и патронов к нему
- выдача гражданину Российской Федерации разрешения на хранение и ношение спортивного огнестрельного длинноствольного оружия, охотничьего огнестрельного длинноствольного оружия, используемого для занятий спортом, спортивного пневматического оружия с дульной энергией свыше 7,5 Дж и патронов к нему
- выдача гражданину Российской Федерации разрешения на хранение огнестрельного гладкоствольного длинноствольного оружия самообороны и патронов к нему (без права ношения)
- выдача направления для проведения ремонта, сертификации оружия (патронов) и иных работ с оружием
- выдача отдельным категориям военнослужащих и сотрудников государственных военизированных организаций, находящихся на пенсии, а также должностным лицам государственных органов, которым законом разрешено хранение и ношение оружия, разрешения на хранение и ношение огнестрельного короткоствольного оружия и патронов к нему
- выдача подтверждения для продажи оружия (патронов) при получении уведомления о продаже оружия (патронов)
- выдача справок о наличии (отсутствии) судимости и (или) факта уголовного преследования либо о прекращении уголовного преследования
- выдача справок о реабилитации жертв политических репрессий
- выдача юридическому лицу или гражданину Российской Федерации разрешения на транспортирование оружия и (или) патронов
- выдача юридическому лицу или гражданину Российской Федерации разрешения на хранение оружия и (или) патронов
- проставление апостиля на официальных документах, подлежащих вывозу за пределы Российской Федерации
- прием квалификационного экзамена у граждан Российской Федерации, прошедших обучение по программе профессиональной подготовки частных охранников
- проведение добровольной государственной дактилоскопической регистрации в Российской Федерации
- предоставление (продление срока действия) лицензии на осуществление частной охранной деятельности, оформлению и переоформлению документа, подтверждающего наличие лицензии (его дубликата).
- продление срока действия лицензии на частную охранную деятельность.
- выдача дубликата документа, подтверждающего наличие лицензии на частную охранную деятельность.
- получение лицензии на частную охранную деятельность.
- переоформление документа, подтверждающего наличие лицензии на частную охранную деятельность, в связи с внесением изменений.
- предоставление выписок из реестра лицензий.

Порядок регистрации на сайте и подачи заявок на получение госуслуги.

На территории Российской Федерации действует Единый портал государственных услуг (интернет адрес: www.gosuslugi.ru) на котором функционирует раздел услуг, предоставляемых МВД России.

Для получения государственных услуг в электронном виде необходимо зайти на сайт www.gosuslugi.ru, раздел «Электронные услуги», подраздел «Министерство внутренних дел Российской Федерации». Если вы уже прошли регистрацию, на сайте, выбираете из списка услуг нужную и оформляете заявку.

Если вы в первый раз зашли на данный сайт, необходимо ознакомиться с условиями работы портала и подтвердить свое согласие с ними, и далее пройти регистрацию.

Для регистрации понадобится следующие Документы:

- ИНН (индивидуальный номер налогоплательщика);
- СНИЛС (страховой номер индивидуального лицевого счета страхового свидетельства пенсионного страхования);
- мобильный телефон (номер);
- адрес электронной почты.

Начинаем проходить регистрацию. Выбираем тип пользователя «граждане РФ». Нажимаем «перейти к заполнению анкеты». Заполняем данные: ФИО, реквизиты указанных документов, адрес местожительства и т.д.

После ввода всех данных необходимо дождаться окончания их проверки (это может занять несколько минут), ввести пароль, подтверждение пароля, секретный вопрос и ответ на него, а также дать согласие на обработку своих персональных данных. Если все данные совпали с имеющимися в базах данных, дается возможность выбрать способ получения кода активации личного кабинета, который может быть получен посредством почтового отправления через ФГУП «Почта России» (на указанный почтовый адрес), на адрес электронной почты или посредством СМС на номер мобильного телефона.

Если же вы ошиблись при заполнении реквизитов, или персональные данные в различных документах отличаются друг от друга (например, написание имени может быть различным), система попросит уточнить введенные данные.

Важно: обработка запроса на активацию может занять от 2 до 3 недель.

После получения кода активации, необходимо произвести активацию личного кабинета (нажать кнопку «Ввести код активации» на странице авторизации).

Регистрация завершена. Теперь можно полноценно пользоваться порталом государственных услуг.

Как получить услугу.

Способы подачи заявки:

· 8G=>
· > e-mail
· 0 WEB A09B5

Способы получения результата:

· 8G=>
· > e-mail
· =0 WEB A09B5

ОМВД России по Ботлихскому району.

НИЖЕР ИНТЕРВЬЮ

# РАГЪУЛАБ ХЪУЛУХЪ ГЬАБИ-ТIАДАБ НАЛЪИ

***Республикаялъул рагъулаб комиссариаталъул Болъихъ ва ГIахьвахъ районалъул отделалъул начальник Шарани УмайхIажиевасулгун нижер мухбиралъ гьабураб гара-чIвари.***



***-Шарани Шарамазанович, лъалеб букIахъе, районалда унеб буго рагъулаб хъулухъалде гIолилазул ихдалилаб призыв. Кинаб болжал гьелъие бихьизабун бугеб ва кинал тадбирал гьенире гьоркьоре унел?***

-Россиялъул Президентасул 31.03.2014 соналъул №189 Указалдаги, Россиялъул оборонаялъул Министразул 31.03 2014 соналъул Приказалдаги, районалъул бетIерасул 01.04.2015 соналъул Постановлениялдаги рекъон, нижер отделалда призывалъулаб комиссиялъул хIалтIи байбихьана гьаб соналъул 1 апрелалда ва гьеб халат бахъине буго 2014 соналъул 15 июлалде щвезегIан.

Призывалъул хIалтIи берцинго рагIалде бахъинабиялъе нижер отделалъ гьаризе кколел тадбиразул аслияблъун ккола гIолилазул мухIканго медициналъулаб хал-шал гьаби. Узухъда, гьелъие чара гьечIеб шартIлъун ккола ахIараб кьоялъ гIолилал призывалъулаб комиссиялде рачIин. Гьединго, рагъулаб хъулухъалде ине рихьизарурал гIолилалги жиндир заманалда рачIине ккола нижер отделалде.

***-Призывалъулаб комиссиялде гьоркьоре щал унел?***

-Республикаялъул хIукуматалъ гьабураб хIукмуялда рекъон ихдалил призыв тIобитIиялъе районалъул пачалихъиял идарабазул хIалтIухъабаздасан гIуцIун буго комиссия. Гьединго, районалъул бетIерасул Постановлениялда рекъон, призывалъулаб комиссиялде гьоркьоре уна медициналъулаб хал-шал гьабиялъул рахъалъ махщел бугел тохтурзабиги.

***-Ихдалилаб призыв тIобитIиялъулъ ругищ хасаб кIвар кьезе кколел рахъал?***

-Ихдал яги хаслихъе тIобитIулеб батIалъи гьечIого призывалъул хасаб кIвар кьезе кколел рахъал, узухъда, кидаго рукIуна. Гьаб апрель-июлалъ тIобитIулеб призывалда нижеца аслияб кIвар кьолел суалал руго:

-рагъулаб хъулухъалде унел гIолилал командаялде рикъулеб мехалъ нижеца хIисабалде



босула гьезул кинаб махщел (специальность) бугебали. Гьезул махщел къваригIунеб команда данде ккезабун рикъула призывникал.

-Россиялъул Миноборонаялъул ва Югалъулаб рагъулаб округалъул бихьизабиялда рекъон, рагъулаб хъулухъ гьабизе



унел гIолилазе кьола банкалъулал картаби.

ТIадегIанаб лъаялъул цIалул заведенияби лъугIун рачIарал ва армиялде инчIого рукIиналъе законалде данде кколел шартIал гьечIел гIолилал, гьезие щвараб махщелги хIисабалде босун рикъула командаялде. Законалъ рагъулаб хъулухъалде иналдаса эркен гьарурал гIолилал нижецаги армиялде ритIуларо.

***-Призывалъулаб комиссиялде кинаб категория гIадамазул нужеца ахIулеб?***

-Призывалъулаб комиссия гьабизе рачIине ккола 18 сон тIубарал гражданал. ЦIалун лъугIизегIан, яги цогидаб гIиллаялдалъун рагъулаб хъулухъалдаса эркен гьаруралги гьеб комиссия гьабизе чара гьечIого рачIине ккола.

***-Рагъулаб хъулухъ гьабизе щал нужеца ритIулел тIоцебесеб иргаялда?***

-ТIоцебесеб иргаялда армиялде нижеца ритIула МахIачхъала, Хасавюрт, Буйнакск, Кизляр, Дербент шагьаразда ДОСААФалда цIалун рагъулаб махщел щваралги, тIадегIанаб лъай щваралги, моралиябгун нравственнияб ва сахлъиялъул рахъалъ данде кколелги гIолилал.

***-Гьаб ахираб заманалда гIемерал гIолилал кколел руго бандгруппабазде гьоркьоре. Рагъулаб хъулухъ гьабизе ритIулел гIолилазул гьеб рахъалъ хал гьабулищ нужеца?***

-КигIанго нилъее бокьичIониги, хIакъикъаталдаги руго хIужаби нилъер гIолилал мекъаб нухде ккеялъул.

Рагъулаб хъулухъалде ритIулел киналго гIолилазул мухIканго хал гьабула бандгруппабазулгун хурхен бугищали ва такъсириял ишазулъ гьезул кинабгIаги гIахьаллъи бугищалиги.

***-Шималияб Кавказалъул, хасго Дагъистаналъул призывниказул, гIемерал кколел руго рагъулаб хъулухъ гьабизе араб бакIалда законалде данде кколарел ишал гьариялъул хIужаби. Нужер отделалъул ругищ киналгIаги ресал гьединал лъугьа-бахъинал рукIалиде рачиналъе?***

-Нилъер республикаялдаса рагъулаб хъулухъалде ахIаразул рекъечIеб хьвада-чIвадиялъ рачунел руго цадахъ хъулухъ гьабулезул ва командованиялъул рахъалъ рокьукълъи бижинабиялде. Гьелъги батила Дагъистаналдаса призывниказул къадар дагь гьабураб. Жакъа Республикаялъул Рагъулав комиссарас гIемераб хIалтIи гьабулеб буго Дагъистаналдаса призывниказул къадар цIикIкIинабизе. Амма гьес абулеб буго нилъер призывниказул къадар цIикIкIинабизе бугила рагъулаб Уставалъул тIалабазда рекъон хъулухъ гьез гьабизе батани. Гьес гьединго абуна нилъер призывниказда бичIчIизе кколила гьезул гIадлу-низамалъухъ, хьвада-чIвадиялъухъ балагьун къимат кьолеблъи тIолго Дагъистаналъеги дагъистаниязеги, гьединлъидал призывалъулъ гIахьаллъизе кколила пачалихъалъул структурабиги, ветераназул ва общественниял организациялги, умумулгиян.

***-Нилъер районалдаса призывникас закон хвезабураб, такъсирияб иш гьабуни, масала, нужер отделалъ щиб гьабизе бугеб?***

-Нилъер районалъул призывникас законалде данде кколареб иш гьабуни, гьес хъулухъ гьабулеб бакIалде ритIула гьесул поручителал (жаваб кколел чагIи), солдатазул умумузул комитеталъул ва бакIалъулаб управлениялъул вакилзаби. Гьез гIахьаллъи гьабизе буго часталъул командованиегун цадахъ ккараб лъугьа-бахъиналъул хал-шал гьабиялъулъ.

Нижерго ругел ресазда рекъон, нижеца хIаракат бахъула гьединал лъугьа-бахъинал рукIалиде рачиналъе.

***-Рагъулаб хъулухъ гьабулеб бакIалде призывник лъица щвезавизе кколев?***

-Рагъулаб комиссариаталъул хIалтIухъанас бакIалъулаб управлениялъул вакилгун цадахъ призывниказул команда щвезабула МахIачхъалаялда бугеб республикаялъул призывалъулаб пункталде.

***--Ахирисеб суал. Нилъер гIолилаз рагъулаб хъулухъ кин гьабулеб бугебали лъазе рес бугищ общественносталда яги официалияб органазда?***

-Нилъер гIолилаз рагъулаб хъулухъ гьабулел частазул командованиялъ рачIарал баянал нижеца щвезарула солдатасул эбел-инсухъе, росдал администрациялъул ва районалъул бетIерасухъе.

ГьанибгIо абизе бокьун буго рагъулаб комиссариаталъул хIалтIухъабаз жаваб кьезе ккола призывалъул норма тIубаялъул, призывалъул комиссиялде рачIарал гIолилазул мухIканаб медициналъулаб хал-шал гьабиялъул рахъалъ.

Рагъулаб хъулухъалде ахIарал гIолилазул эбел-эмен, гIагарлъи призывалда хурхараб бокьараб суалгун рачIине бегьула военкоматалде. КIвараб кумек нижеца гьабила бачIараб суал роцIцIинабиялъе.

**-Баркала, Шарани Шарамазанович, чIванкъотIарал жавабазухъ. Гьарула нужее иргадулаб призыв тIобитIиялъулъ икъбал. Нилъер гIолилазеги гьарула мустахIикъаб хIалалъ рагъулаб хъулухъги тIубан, сахсаламат рокьоре тIад руссине.**

***П. ДИБИРОВА.***

## ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ СЕЛЬХОЗПРОИЗВОДИТЕЛЕЙ

В соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 4 декабря 2012 года №1258 «О предоставлении и распределении субсидий из федерального бюджета бюджетам субъектов Российской Федерации на возмещение части затрат по наращиванию маточного поголовья овец и коз» и постановлением Правительства РД от 19 марта 2013 года №135, в целях своевременного оказания государственной услуги по предоставлению субсидий на возмещение части затрат по наращиванию маточного поголовья овец и коз в республике, просим принять меры по своевременному представлению сельхоз товаропроизводителями района в Минсельхозпрод РД документов на получение субсидии.

**Заместитель министра Ш. АЛИЕВ.**

## ФОНД СОДЕЙСТВИЯ КРЕДИТОВАНИЮ СУБЪЕКТОВ МАЛОГО И СРЕДНЕГО ПРЕДПРИНИМАТЕЛЬСТВА РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

В рамках реализации Республиканской целевой программы развития малого и среднего предпринимательства в Республике Дагестан, в целях создания благоприятных условий для развития малого и среднего предпринимательства на территории РД, обеспечения равного доступа субъектов малого и среднего предпринимательства к кредитным и иным финансовым ресурсам коммерческих банков, микрофинансовых организаций, лизинговых компаний, развития системы гарантий и поручительств по обязательствам субъектов малого и среднего предпринимательства по привлеченным на возвратной основе средствам.

Правительство Республики Дагестан создало Фонд содействия кредитованию субъектов малого и среднего предпринимательства Республики Дагестан (далее - Гарантийный фонд)

Функции и полномочия Учредителя Гарантийного фонда осуществляет Министерство торговли, инвестиций и предпринимательства Республики Дагестан.

**Условия оказания Государственной поддержки:**

Основным видом деятельности Гарантийного фонда является предоставление поручительств за субъектов малого и среднего предпринимательства при получении ими кредитов в коммерческих банках с которыми Гарантийный фонд заключил Соглашение о сотрудничестве.

Поручительство Гарантийного фонда выдается субъектам малого и среднего предпринимательства и организациям инфраструктуры поддержки малого и среднего предпринимательства Республики Дагестан:

- зарегистрированным в качестве предпринимателя, имеющим адрес места нахождения предприятия и проживания на территории Республики Дагестан;
- осуществляющим хозяйственную деятельность на дату обращения за получением поручительства Гарантийного фонда сроком не менее 6 (шести) месяцев;
- по кредитным договорам, заключенным на срок от 1 (одного) года и выше, в сумме от 1 (одного) млн. рублей и более;
- максимальная сумма поручительства Гарантийного фонда на одного заемщика составляет 20 000 000 (двадцать миллионов) рублей;
- предоставившим обеспечение кредита в размере не менее 30% от суммы своих обязательств в части возврата фактически полученной суммы кредита и уплаты процентов на нее.
- уплатившим Гарантийному фонду в установленном договором поручительства порядке вознаграждение за получение поручительства в размере 2% годовых от суммы поручительства.

Поручительство Гарантийного фонда не выдается субъектам малого предпринимательства:

- не зарегистрированным и не осуществляющим свою деятельность на территории Республики Дагестан;
- по кредитным договорам (договорам займа), получаемым на цели проведения расчетов по заработной плате, налоговых и иных обязательных платежей, оплате текущих расходов по обслуживанию кредитов, займов или договоров лизинга и иные цели, не связанные, по мнению Гарантийного фонда, с осуществлением Заемщиком основной деятельности);
- занимающимся игорным бизнесом, производством подакцизных товаров, а также добычей и реализацией полезных ископаемых (за исключением общераспространенных полезных ископаемых);
- являющимся участниками соглашений о разделе продукции.

**Банки-участники Программы Гарантийного фонда:**

**1. Дагестанское отделение Сбербанка России;**
**2. Дагестанский региональный филиал ОАО «Россельхозбанк»;**
**3. ФАКБ «Инвесторгбанк» (ОАО) «Махачкалинский»;**
**4. ООО КБ «Кредитинвест»;**
**5. ООО «Дагэнергобанк»;**
**6. Лизинговая компания ОАО «МСП Лизинг» г. Москва;**
**7. Лизинговая компания «Финмаркет» (ООО «Финмаркет»).**

**Наши реквизиты:**

РД, г. Махачкала, ул. Гагарина 120 (4-этаж. каб. 2-6).
тел. 8(8772) 51-72-93; 51-82-94.
e-mail: dagfsc@yandex.ru
www.dagfsc.ru

## Профориентация учащихся выпускных классов

В целях содействия профессиональному самоопределению и профессиональному становлению выпускников школ района , в центре занятости населения МО «Ботлихский район» сформирована система работы по профессиональной ориентации учащихся общеобразовательных учреждений с использованием следующих форм и методов:

1.Организация профессионального просвещения, информирования, консультирования учащихся, родителей, работников учреждений образования, культуры, военкоматов, и других заинтересованных организаций по вопросам выбора профессии и трудоустройства в консультационных пунктах центра занятости, в том числе временных/передвижных(мобильный офис).

2.Осуществление превентивных мероприятий с выпускниками учебных заведений профессионального образования в форме индивидуального и группового консультирования, семинаров и тренингов по технологии поиска работы.

3. Проведение декад и месячников профориентации в районе.

4.Проведение дней профориентации, дней центра занятости в учреждениях общего и среднего профессионального образования.

5.Организация информационных семинаров для школьных психологов и других работников учреждений образования по вопросам профориентации и психологической поддержки выпускников школ.

6.Проведение «круглых столов» по проблемам занятости молодежи с участием представителей администраций, учебных заведений, работодателей.

7. Освещение в средствах массовой информации, социально значимых мероприятий по профессиональной ориентации и социальной адаптации молодежи и школьников.

Для решения данных задач ,центр занятости населения, заключил договоры с учреждениями образования и другими организациями.

В рамках договоров специалист по профориентации ведет в школах занятия по основам выбора профессии, по методике эффективного поиска работы, выступает с лекциями перед родителями и педагогическими работниками, оказывает помощь школьным психологам в проведении профориентационных мероприятий.

Профконсультант центра занятости также выезжает в отдаленные школы сельских района, где учащиеся зачастую не имеют других источников информации по вопросам профориентации и профессионального выбора.

С целью более полного информирования выпускников общеобразовательных учреждений были проведены ярмарки учебных мест и другие массовые профориентационные акции, такие как дни выпускника, дни профориентации.

Как правило, такие крупные акции проводились в взаимодействии специалистов центра занятости с местными администрациями, педагогическими коллективами общеобразовательных школ.

Широко освещается проф.ориентационная работа с выпускниками и во всех средствах массовой информации.

После подобных мероприятий, как правило, у участников формируется запрос на индивидуальные профориентационные услуги в центре занятости населения.

В рамках декады профессиональной ориентации учащихся выпускных классов общеобразовательных учреждений района «Калейдоскоп-2014» (с 14 по 25 апреля 2014г).специалисты ЦЗН проведут семинары ,классные часы, анкетирование в выпускных классах общеобразовательных учреждений,с целью выявления профессиональных предпочтений учащихся. «Круглые столы» для психологов, социальных педагогов, классных руководителей школ специалистов Управлении образования.

Каждый участник семинаров получит необходимую информацию и подборки методических и раздаточных материалов по профессиональной ориентации выпускников школ: буклеты для выпускников и родителей, справочники по учебным заведениям

На базе Мобильного офиса центра занятости ,с выпускниками общеобразовательных учреждений проведут экспресс –диагностику (тестирование).

Цель программы – систематизировать работу по профориентации, объединенными усилиями найти более интересные формы и методы оказания помощи выпускникам школ в профессиональном и личностном самоопределении..

**Ведущий специалист ЦЗН в МО «Ботлихский район»**
**З.АМИРХАНОВА**

## колонка прокурора

# Принят закон о более широком использовании Государственного флага и гимна России для воспитания гражданственности и патриотизма.

Поправки предусматривают, что Государственный флаг должен быть постоянно вывешен на зданиях всех общеобразовательных организаций или установлен на их территориях. Также флаг России поднимается (устанавливается) во время массовых мероприятий (включая спортивные и физкультурно-оздоровительные), проводимых любыми образовательными организациями.

Кроме того, перед первым уроком (занятием) в день начала нового учебного года во всех образовательных организациях должен исполняться Государственный гимн. Звучать он будет и во время проводимых ими торжественных мероприятий, посвященных государственным и муниципальным праздникам.

В обязательном порядке подлежит исполнению гимн России при открытии памятников и памятных знаков, установленных по решению госорганов и местных властей. Также теперь он должен звучать при открытии и закрытии торжественных собраний как в честь государственных, так и муниципальных праздников.

Федеральный конституционный закон, которым вводятся указанные новшества, вступает в силу с 1 сентября 2014 года.

**А.АЗИЗОВ, помощник.прокурора**

## СПОРТ — СПОРТ — СПОРТ

# Росдал чемпионат тIобитIана

13 апрелалда МигIарсо тIобитIана мини-футболалъул рахъалъ росдал чемпионат. «Росдал чемпион» цIаралъе гIоло хIазе, гьеб тадбиралъе берцинго къачIан хIадурараб майданалде бахъана 8 команда. Гьаб ахираб заманалда санайилго тIобитIулеб гьеб турниралда гIахьаллъулезулги балагьизе рачIунел футбол бокьулезулги къадар тIадеялдаса-тIаде цIикIкIунеб буго. Росдал гIолилазул футболалдехун рокьи цIикIкIиналъги, къецазул хIалуцин цIикIкIиналъги, хIалезул махщел цIубаялъги жибго гьеб турнирги росда-



его интерес бугеблъун ва машгъураблъун лъугъунеб буго. Гьеб турнир тIобитIиялъе гIуцIалилаб хIалтIиги, бергьарал командабазе призалъе хар-



жалги гьарула росдал администрациялъ.

Исанасел къецазул тIоцебесеб бакI ккураб командаялъе кьуна 5 азарго, кIиабилеб бакI ккуралъе-3 азарго, лъабабилеб бакI ккуралъе- 2 азарго ва ункъабилеб бакI ккураб командаялъе-1 азарго гъуруш гIарац.

Росдал администрациялъул бетIер Руслан МуртазагIалиевасухъан щварал баяназда рекъон маялъул байрамкъояз МигIарсо тIоритIизе хIисабалде росун руго миллияб спорталъул рахъалъ къецал.

КIудияб ВатIанияб рагъулъ босараб Бергьенлъиялъул хIурматалда 9 маялъги гьеб росулъ тIобитIизехъин буго волейболалъул рахъалъ чемпионатги.

Гьел къецазулъ бергьаразеги росдал администрациялъ кьезе руго шапакъатал ва гIарцуал призал.

# Лъазаби

14 апрелалъ сагIат анцIгоялда райадминистрациялда тIобитIана машгъурав политик ва общественнияв хIаракатчи, мунагьал чураяв ГIабдулбасиров МухIамадтIагьир Меджидовичасул хIурматалда чуял рекериялъул рахъалъ гIуцIалилаб комитет.

2 май рузман къо кколеб букIин хIисабалдеги босун, гьеб комитеталъ хIукму гьабуна чуял риччаялъул тадбир 3 маялъ, кидаго гIадин АнсалтIа «Сунсукь» майданалда тIобитIизе.

Рекеризе риччалел чуязул хьвай-хьвагIай гьабизе буго радал сагIат микьгоялдаса 9,30 тIубазегIан. Къецал байбихьизе руго сагIат 10-ялда.

Чуял риччазе руго 11, 7 ва 3 гор свериялда. 11 свериялда риччазе руго халатаб манзилалда рекеризе хIадурарал чуял. Гьениб тIоцебесеб бакI ккураб чуялъе кьезе буго 50 000 гъурущ, кIиабилеб бакI ккуралъе- 25 000 азарго гъурущ.

7 свериялда рекеризе риччазе руго бокьарал чуял.

Гьезул тIоцебесеб бакI ккураб чуялъе бихьизабун буго приз 30 000 гъурущ, кIиабилеб бакI ккурасе 15 000 азарго гъурущ.

3 горсвериялда риччазе руго хехго рекерулел чуял ва рихьизарун руго призал.

**1 бакI**-30 000 гъурущ,

**2 бакI**- 10 000 гъурущ. Чан горсверуда риччазе ругел ва чуязул гIаммаб къадар лъазе, гIуцIалилаб комитеталъ гьарулеб буго чуязул бетIергьабазда 30 абилеб апрелалде щвезегIан заявкаби кьейилан.

Гьеб тадбиралда хурхараб бокьараб суалгун ахIизе бегьула **2-20-73** яги **8 909 481-20-88** телефоназде.

---

Райбольницаялъул ва поликлиникаялъул хIалтIухъабазул коллективаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго АхIмад ГIалихановасда ва гIагарлъиялда гьесул эбел **ЖАВГЬАР** къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас Алжан насиб гьабеги гьелъие.

---

Райбольницаялъул ва поликлиникаялъул хIалтIухъабазул коллективаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Эльмира ГIисаевалда ва гIагарлъиялда гьелъул эмен **МУГЬАЖИР** къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас Алжан насиб гьабеги гьесие.

---

Райбольницаялъул ва поликлиникаялъул хIалтIухъабазул коллективаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго ХIалимат ГIалиевалда ва гIагарлъиялда гьелъул эбел **ХАДИЖАТ** къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас Алжан насиб гьабеги гьелъие.


Газета гIуцIарал: Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители: Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор Г. ГIумаханов

Редакторасул заместитель А. Агъларов

Жавабияй секретарь З.ГIумарова

Отделалъул редакторал Ш. Лабазанов, П. Дибирова

ГЬУДУЛЛЪИ

Тираж 1000

Мухбирзаби З.МухIамадова/М.ГIумаханова

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Эл. адрес druzhba555@mail.ru